



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU EDE NAN ANKÈT SOU ATAK TRANSFOBIK NAN HARLEM LAN

"Mwen santi m degoute akòz ensidan vandredi a kote de moun te agrese yon fanm transjan nan Harlem, yo te frape li pandan yo tap di ensilt transfobik.

Pèsòn pa dwe janm viv nan laperèz senpleman paske yo se moun yo ye a. Nouyòkè yo anbrase divèsite ak diferans nou yo paske se sa ki fè nou inik epi se sa ki fè nou gran.

Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta New York (New York State Police Hate Crimes Task Force) la pou ede NYPD a nan ankèt li a epi ede jwenn lach ki responsab yo dekwa pou yo kapab pouswiv yo lajistis.

Nan non fanmi New York la, mesaj mwen pou Serena Daniari senp: Nou gen zewo tolerans pou sa ki te rive ou a. Nou dezole pou sa ki te rive ou a. Nou kanpe avèk ou nan lanmou ak respè, epi nou pral kenbe agrese ou yo epi mennen yo lajistis".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)